Wellcare
Avi sou Pratik Konfidansyalite yo

AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.
TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.

Anvigè 1/1/2027

Pou èd pou tradui oswa pou konprann sa a, tanpri rele nan **1-888-550-5252 (TTY: 711)**.

Si necesita ayuda para traducir o entender este texto, por favor llame al telefono.
1-888-550-5252 (TTY: 711).

Devwa Antite ki Konsène yo:

Wellcare se yon antite konsène jan li defini e reglemante dapre Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA). Lalwa egzije pou Wellcare prezève konfidansyalite enfòmasyon sou sante pwoteje (PHI) ou, pou li ba ou Avi sa a sou devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo anrapò avèk PHI ou, pou li respekte kondisyon ki nan Avi ki anvigè kounye a, epi enfòme w sizoka gen yon vyolasyon PHI ou ki pa pwoteje.

Avi sa a dekri kijan nou gendwa itilize epi kominike PHI ou. Li dekri tou dwa w genyen pou w jwenn aksè, modifye, e jere PHI w ak fason pou w egzèse dwa sa yo. Tout lòt itilizasyon ak kominikasyon PHI ou ki pa dekri nan Avi sa a ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou alekri.

Wellcare gen dwa pou nou chanje Avi sa a. Nou gen dwa pou fè Avi ki revize a oswa Avi ki chanje a antre anvigè pou PHI ou nou genyen deja, ansanm ak pou nenpòt PHI nou resevwa alavni. Wellcare pral revize epi distribye Avi sa a rapidman chak fwa gen yon gwo chanjman nan sa ki annapre la yo:

- Itilizasyon oswa Kominikasyon yo.
- Dwa ou yo.
- Devwa legal nou yo.
- Lòt pratik konfidansyalite ki endike nan avi a.

N ap mete tout Avi ki revize yo disponib sou sitwèb nou an oswa pa mwayen yon kourye apa.

Pwoteksyon Entèn PHI Oral, Ekri ak Elektwonik:

Wellcare pwoteje PHI ou. Nou pran angajman tou pou kenbe konfidansyèl enfòmasyon sou ras, gwoup ras, ak lang ou (REL), ak sou oryantasyon seksyèl e idantite jennda ou (SOGI). Nou gen pwosesis pou konfidansyalite ak sekirite pou ede w.

Men kèk nan fason nou pwoteje PHI ou:

- Nou fòme estaf nou an pou yo respekte pwosesis konfidansyalite ak sekirite nou yo.

- Nou mande pou patnè komèsyal nou yo respekte pwosesis konfidansyalite ak sekirite yo.
- Nou kenbe biwo nou yo ansekirite.
- Nou pale sou PHI ou sèlman pou yon rezon dafè avèk moun ki dwe konnen.
- Nou kenbe PHI ou ansekirite lè nou voye yo oswa estoke yo sou fòm elektwonik.
- Nou itilize teknoloji pou anpeche move moun jwenn aksè nan PHI ou.

Itilizasyon ak Kominikasyon PHI ou ki Otorize:

Sa ki annapre la a se yon lis fason nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou san pèmisyon oswa otorizasyon w:

- ***Tretman*** — Nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou ba yon doktè oswa lòt founisè swen sante k ap bay w tretman, pou kowòdone tretman w pami founisè swen yo, oswa pou ede nou pran desizyon sou otorizasyon davans anrapò avèk avantaj ou yo.

- ***Peman*** — Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou pou fè peman avantaj pou sèvis swen sante yo ba w yo. Nou gendwa kominike PHI ou ba yon lòt plan sante, ba yon founisè swen sante, oswa ba lòt antite depann de Règ sou Konfidansyalite federal yo pou rezon peman yo. Aktivite peman yo gendwa gen ladan tretman reklamasyon, detèmine kalifikasyon oswa kouvèti asirans pou reklamasyon yo, ak pou egzamine sèvis yo pou nesesite medikal.

- ***Operasyon Swen Sante*** — Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou pou fè operasyon swen sante nou yo. Aktivite sa yo gendwa gen ladan yo founi sèvis kliyan, reponn ak plent e apèl yo, epi founi jesyon swen ak kowòdinasyon swen.

  Nan operasyon swen sante nou yo, nou gendwa kominike PHI ba patnè komèsyal yo. Nou pral gen akò alekri avèk asosye sa yo pou pwoteje konfidansyalite PHI ou. Nou gendwa kominike PHI ou a ba yon lòt antite ki depann de Règ sou Konfidansyalite federal yo. Antite a dwe gen yon relasyon avèk ou tou pou operasyon swen sante li yo. Sa gen ladan l sa ki suiv yo la:

  - Aktivite evalyasyon kalite ak amelyorasyon.
  - Egzamine konpetans oswa kalifikasyon pwofesyonèl swen sante yo.
  - Jesyon dosye ak kowòdinasyon swen.
  - Detekte oswa anpeche fwòd ak abi nan swen sante.

  Ras, gwoup ras, lang, oryantasyon seksyèl, ak idantite jennda ou pwoteje ak sistèm e lwa plan sante a. Sa vle di enfòmasyon ou bay yo prive epi yo ansekirite. Nou kapab pataje enfòmasyon sa yo sèlman avèk founisè swen sante yo. Yo p ap pataje avèk lòt moun san pèmisyon w oswa otorizasyon w. Nou itilize enfòmasyon sa yo pou ede amelyore kalite swen ak sèvis ou yo.
  Enfòmasyon sa yo ede nou:
  - Konprann pi byen bezwen swen sante w yo.
  - Konnen preferans lang ou lè w al wè founisè swen sante.

- Bay enfòmasyon sou swen sante pou reponn ak bezwen swen ou yo.
- Ofri pwogram pou ede w vin pi an sante.

Yo pa itilize enfòmasyon sa yo pou rezon garanti asirans ni pou pran desizyon sou si ou kapab resevwa kouvèti asirans oswa sèvis.

- ***Kominikasyon bay Plan Sante Kolektif/Esponnsò Plan*** — Nou gendwa kominike PHI ou a ba yon esponnsò plan sante kolektif, pa egzanp ba yon patwon oswa yon lòt antite k ap ba w yon pwogram swen sante, si esponnsò a te aksepte sèten restriksyon sou fason li pral itilize oswa kominike enfòmasyon sou sante pwoteje yo (pa egzanp li aksepte pou li pa sèvi ak enfòmasyon sou sante pwoteje yo pou aksyon oswa pou desizyon anrapò ak travay).

Lòt Kominikasyon PHI ou ki otorize oswa obligatwa:

- ***Aktivite pou kòlèk lajan*** – Nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou pou aktivite pou kòlèk lajan, pa egzanp pou kolekte lajan pou yon fondasyon charitab oswa yon antite sanblab pou ede finanse aktivite yo. Si nou kontakte w pou aktivite pou kòlèk lajan, n ap ba w posiblite pou w refize, oswa sispann, resevwa kominikasyon sa yo alavni.

- ***Objektif Garanti Asirans*** — Nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou pou rezon garanti asirans, pa egzanp pou deside sou yon aplikasyon oswa yon demann pou kouvèti asirans. Si nou itilize oswa kominike PHI ou pou rezon garanti asirans, nou entèdi itilize oswa kominike PHI ou ki se enfòmasyon jenetik nan pwosesis garanti asirans lan.

- ***Rapèl pou Randevou/Lòt Chwa Tretman*** — Nou gendwa itilize epi kominike PHI ou pou fè w sonje yon randevou pou tretman ak swen medikal avèk nou oswa pou ba w enfòmasyon konsènan lòt chwa tretman oswa lòt avantaj e sèvis anrapò ak sante, tèlke enfòmasyon sou fason pou w kite fimen oswa pou w pèdi pwa.

- ***Jan Lalwa Egzije sa*** — Si lalwa nan nivo federal, Eta, ak/oswa lokal egzije itilizasyon oswa kominikasyon PHI ou, nou gendwa itilize oswa kominike enfòmasyon PHI ou nan limit kote itilizasyon oswa kominikasyon an konfòm avèk lwa sa epi li konsène sèlman egzijans lwa sa. Si de oswa plizyè lwa oswa règleman ki kontwole menm itilizasyon oswa kominikasyon an gen konfli, n ap respekte lwa oswa règleman ki gen plis restriksyon yo.

- ***Aktivite Sante Piblik*** — Nou gendwa kominike PHI ou ba yon otorite sante piblik nan objektif pou anpeche oswa pou kontwole maladi, blesi, oswa andikap. Nou ka kominike PHI ou bay Food and Drug Administration (FDA) pou garanti kalite, sekirite, oswa efikasite pwodui oswa sèvis ki anba jiridiksyon FDA a. Sa gen ladan dosye twoub konsomasyon sibstans (SUD) yo.

- ***Viktim Abi ak Neglijans*** — Nou gendwa kominike PHI ou ba yon otorite gouvènman nan nivo lokal, Eta oswa federal, sa gen ladan sèvis sosyal oswa yon ajans sèvis pwoteksyon lalwa otorize pou resevwa rapò sa yo si nou gen motif rezonab pou kwè gen abi, neglijans,

oswa vyolans domestik.

- ***Pwosedi Jidisyè ak Administratif*** — Nou gendwa kominike PHI ou pou reponn ak yon òdonans administratif oswa òdonans tribinal. Nou gendwa oblije kominike PHI ou tou pou reponn ak yon manda pou konparèt, demann pou dekouvèt, oswa lòt demann sanblab.

- ***Lapolis*** — Nou gendwa kominike PHI aplikab ou ba fòs lòd yo lè nou oblije fè sa nan objektif pou nou reponn ak yon krim.

- ***Pati 2 (Dosye sou Twoub Konsomasyon Sibstans)*** – Si nou resevwa oswa nou trete dosye Pati 2 ou yo, nou p ap itilize ni devwale dosye sa yo pou okenn pwosedi sivil, kriminèl, administratif oswa legal kont ou san yon òdonans tribinal oswa otorizasyon w alekri, epi apre yo fin ba w yon avi ak okazyon pou tande w.

- ***Medsen Lejis, Egzaminatè Medikal ak Responsab Ponp Finèb yo*** — Nou gendwa kominike PHI ou ba yon medsen lejis oswa ba yon egzaminatè medikal. Sa gendwa nesesè pa egzanp pou detèmine yon kòz lanmò. Nou gendwa kominike PHI ou tou ba responsab ponp finèb yo, si sa nesesè, pou yo akonpli devwa yo.

- ***Don ògàn, zye ak tisi***— Nou gendwa kominike PHI ou ba òganizasyon akizisyon ògàn yo. Nou gendwa kominike PHI ou tou ba moun ki travay nan akizisyon, bank, oswa transplantasyon ògàn, zye, ak tisi kadav.

- ***Menas pou sante ak sekirite*** — Nou gendwa itilize oswa kominike PHI ou si nou kwè, ak tout bònfwa, ke itilizasyon oswa kominikasyon an nesesè pou anpeche oswa pou diminye yon menas grav oswa yon menas ki prèt pou rive sou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la.

- ***Fonksyon Gouvènman Espesyalize*** — Si w se yon manm Fòs Lame Amerikèn yo, nou gendwa kominike PHI ou jan otorite militè yo mande yo. Nou gendwa kominike PHI ou tou ba responsab federal otorize yo pou pwoblèm sekirite nasyonal, aktivite ransèyman, Depatman Deta pou detèmine si gen aptitid medikal, pwoteksyon Prezidan an, e lòt moun otorize jan lalwa egzije sa.

- ***Konpansasyon Travayè*** — Nou gendwa kominike PHI ou pou nou respekte lwa anrapò ak konpansasyon travayè oswa lòt pwogram sanblab, lalwa etabli, ki bay avantaj pou blesi oswa maladi anrapò ak travay san konsiderasyon fòt.

- ***Sitiyasyon Ijans*** – Nan yon sitiyasyon dijans, oswa si ou pa kapab oswa ou pa prezan, nou gendwa kominike PHI ou ba yon manm fanmi, yon zanmi pèsonèl, yon ajans otorize pou sekou pou katastwòf, oswa nenpòt lòt moun ou te idantifye deja. Nou pral sèvi ak jijman pwofesyonèl e eksperyans pou detèmine si kominikasyon an nan pi bon enterè ou.

Si kominikasyon an nan pi bon enterè ou, nou pral sèlman kominike PHI ki gen rapò dirèkteman avèk patisipasyon moun lan nan swen ou.

- ***Prizonye*** — Si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba lagad yon ofisyèl aplikasyon lalwa, nou gendwa kominike PHI ou ba enstitisyon koreksyonèl la oswa ofisyèl aplikasyon lalwa a, kote enfòmasyon sa yo nesesè pou enstitisyon an ba ou swen sante; pou pwoteje sante ak sekirite ou; oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

- ***Rechèch*** — Nan sèten sikonstans, nou gendwa kominike PHI ou ba chèchè yo lè etid rechèch klinik yo te apwouve epi kote gen sèten pwoteksyon anplas pou asire konfidansyalite ak pwoteksyon PHI ou.

Itilizasyon ak Kominikasyon PHI Ou ki Egzije pou gen Otorizasyon Ou Alekri

Nou oblije jwenn otorizasyon ou alekri pou itilize oswa kominike PHI ou, avèk eksepsyon limite, pou rezon annapre la yo:

- ***Lavant PHI*** – Nou pral mande otorizasyon w alekri anvan nou fè nenpòt kominikasyon ki konsidere kòm lavant PHI ou, ki vle di n ap resevwa konpansasyon lè nou kominike PHI yo nan fason sa a.

- ***Maketing*** – N ap mande otorizasyon w alekri pou itilize oswa kominike PHI ou pou rezon maketing avèk eksepsyon limite, pa egzanp lè nou gen kominikasyon maketing fas a fas avèk ou oswa lè nou bay kado pwomosyonèl ki gen valè nominal.

- ***Nòt Sikoterapi*** – N ap mande otorizasyon w alekri pou itilize oswa pou kominike nenpòt nan nòt sikoterapi ou nou gendwa genyen nan dosye avèk eksepsyon limite, pa egzanp pou sèten tretman, peman, oswa fonksyon operasyon swen sante.

Ou gen dwa pou revoke otorizasyon alekri ou a nenpòt lè eksepte nan limit kote nou te deja itilize oswa kominike PHI ou baze sou otorizasyon sa a ou te bay odepa.

Dwa Moun yo

Sa ki annapre la yo se dwa ou konsènan PHI ou. Si w ta renmen sèvi ak nenpòt nan dwa annapre la yo, tanpri itilize enfòmasyon ki nan fen Avi sa a pou w kontakte nou.

- ***Dwa pou Mande Restriksyon*** — Ou gen dwa pou mande restriksyon sou itilizasyon ak kominikasyon PHI ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante, ansanm ak pou kominikasyon ba moun k ap patisipe nan swen ou oswa nan peman pou swen ou, pa egzanp manm fanmi oswa zanmi pwòch. Demann ou a dwe endike restriksyon w ap mande

yo epi endike pou ki moun restriksyon an aplike. Nou pa oblije aksepte demann sa a. Si nou aksepte, n ap respekte demann ou pou restriksyon an, sòf si enfòmasyon yo nesesè pou ba ou yon tretman pou ijans. Sepandan, nou pral mete limit sou itilizasyon oswa kominikasyon PHI ba yon plan sante pou peman oswa operasyon swen sante lè w te peye pou sèvis la oswa pou atik la okonplè ak lajan nan pòch ou.

- ***Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl*** — Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou PHI ou pa lòt mwayen oswa nan lòt kote. Dwa sa a aplike sèlman si enfòmasyon yo ta ka mete w an danje si yo pa kominike yo pa lòt mwayen oswa nan lòt kote ou vle a. Ou pa oblije esplike rezon an pou demann ou an, men ou dwe deklare enfòmasyon yo ka mete w an danje si mwayen oswa anplasman kominikasyon an pa chanje. Nou dwe satisfè demann ou an si li rezonab epi li presize lòt mwayen oswa anplasman kote yo dwe livre PHI ou.

- ***Dwa pou Gen Aksè epi Resevwa yon Kopi PHI ou*** — Ou gen dwa, avèk kèk eksepsyon limite, pou w gade oswa jwenn kopi PHI ou ki nan yon seri dosye deziyen. Ou gendwa mande pou nou bay kopi nan yon lòt fòma ki pa fotokopi. Nou pral sèvi ak fòma ou mande a sòf si nou pa kapab fè sa pratikman. Ou dwe fè yon demann alekri pou jwenn aksè nan PHI ou. Si nou refize demann ou an, n ap ba w yon esplikasyon alekri epi n ap di w si rezon refi a ka revize. N ap di w tou kijan pou w mande yon revizyon konsa oswa si refi a pa kapab revize.

- ***Dwa pou Modifye PHI ou*** — Ou gen dwa pou mande pou nou modifye, oswa chanje PHI ou si w kwè yo gen enfòmasyon ki pa kòrèk. Demann ou a dwe fèt alekri, epi li dwe esplike poukisa enfòmasyon yo ta dwe modifye. Nou gendwa refize demann ou an pou sèten rezon, pa egzanp si nou pa te kreye enfòmasyon ou vle modifye yo epi kreyatè PHI yo kapab fè modifikasyon an. Si nou refize demann ou an, n ap ba w yon esplikasyon alekri. Ou gendwa reponn avèk yon deklarasyon ki endike ou pa dakò ak desizyon nou an, epi nou pral tache deklarasyon ou a nan PHI ou mande pou nou modifye yo. Si nou aksepte demann ou pou modifye enfòmasyon yo, n ap fè efò rezonab pou enfòme lòt yo, pa egzanp moun ou nonmen, sou modifikasyon an epi pou mete chanjman yo nan nenpòt kominikasyon enfòmasyon sa yo alavni.

- ***Dwa pou Resevwa yon Kontrandi sou Kominikasyon yo*** — Ou gen dwa pou resevwa yon lis ka nan dènye peryòd 6 ane yo kote nou oswa patnè komèsyal nou yo te kominike PHI ou. Sa pa aplike pou kominikasyon ki fèt pou rezon tretman, peman, operasyon swen sante, oswa kominikasyon ou otorize e sèten lòt aktivite. Si w mande kontrandi sa a plis pase yon sèl fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou gendwa fè w peye yon frè rezonab, ki baze sou pri pou reponn ak demann siplemantè sa yo. N ap ba w plis enfòmasyon sou frè nou yo nan moman demann ou an.

- ***Dwa pou Depoze yon Plent*** — Si w santi dwa konfidansyalite w yo te vyole oswa nou te vyole pwòp pratik konfidansyalite nou yo, ou ka depoze yon plent devan nou alekri oswa nan telefòn avèk èd enfòmasyon pou kontak ki nan fen Avi sa a.

  Epitou, pou depoze yon plent nan Biwo pou Dwa Sivil Sekretè Depatman Sante ak Sèvis

Sosyal Etazini an, ou ka voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, ou ka rele **1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697)** oswa ou ka ale sou **hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints**/.

NOU P AP PRAN OKENN MEZI KONT OU POUTÈT OU DEPOZE YON PLENT.

- ***Dwa pou w Resevwa yon Kopi Avi sa a*** — Ou gendwa sèvi ak enfòmasyon kontak ki endike nan fen Avi a pou w mande yon kopi Avi nou an nenpòt kilè. Si w resevwa Avi sa a sou sit entènèt nou an oswa ak kourye elektwonik (email), ou gen dwa tou pou mande yon kopi Avi a sou papye.

Enfòmasyon pou kontakte nou ak kesyon konsènan avi sa a: Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a, sou pratik konfidansyalite nou yo anrapò ak PHI ou, oswa sou fason pou w egzèse dwa w, ou ka itilize enfòmasyon kontak ki endike anba la a pou w kontakte nou alekri oswa nan telefòn.

Wellcare
Attn: Privacy Official
Wellcare Health Plans Inc.
P.O. Box 31378
Tampa, FL 33631
Faks: ***1-866-473-9124***

Notice of Availability of Language Assistance Services and Auxiliary Aids and Services

ATTENTION: If you speak a language other than English, free language assistance services are available to you. Appropriate auxiliary aids and services to provide information in accessible formats are also available free of charge. Call 1-877-374-4056 (TTY: 711).

አማርኛ ይነበብ፦ ነጻ የቋንቋ እገዛ አገልግሎቶች ለእርስዎ ይገኛሉ። በተጨማሪም አግባብነት ያላቸው ለእርስዎ ተደራሽ በሆኑ ቅርጸቶች መረጃ የሚያቀርቡልዎ አጋዥ መሳሪያዎች እና አገልግሎቶችን ከክፍያ ነጻ ያገኛሉ። ወደ 1-877-374-4056 (TTY: 711) ይደውሉ።

العربية انتباه: تتوفر لك خدمات مساعدة لغوية مجانية. تتوفر كذلك مجانًا مساعِدات وخدمات إضافية ملائمة لتزويد المعلومات بتنسيقات قابلة للوصول إليها. اتصل على الرقم 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Հայերեն ՈՒՇԱԴՐՈՒԹՅՈՒՆ. Դուք կարող եք օգտվել անվճար լեզվական ծառայություններից: Անվճար հասանելի են նաև համապատասխան օժանդակ միջոցներ և ծառայություններ՝ մատչելի ձևաչափերով տեղեկություններ տրամադրելու համար: Զանգահարեք 1-877-374-4056 (TTY՝ 711):

বাংলা খেয়াল করুন: আপনার জন্য বিনামূল্যে ভাষা পরিষেবার সুবিধা রয়েছে। বিনামূল্যে অ্যাক্সেসযোগ্য ফর্ম্যাটে তথ্য দিতে উপযুক্ত সহায়ক উপকরণ এবং পরিষেবাও উপলব্ধ রয়েছে। এখানে কল করুন 1-877-374-4056 (TTY: 711)।

Français cadien COMMUNIQUE: Des services d’aide linguistique sans frais sont à votre disposition. Des aides et services auxiliaires appropriés pour fournir des informations en formats accessibles sont également proposés sans frais. Composez le 1-877-374-4056 (TTY : 711).

ភាសាខ្មែរ ចូរចាប់អារម្មណ៍៖ សេវាជំនួយភាសាដោយឥតគិតថ្លៃមានសម្រាប់អ្នក។ ជំនួយនិងសេវាជំនួយសមស្របដើម្បីផ្តល់ជូនព័ត៌មានជាទម្រង់ដែលអាចប្រើបាន ក៏មានដោយមិនគិតថ្លៃផងដែរ។ សូមទូរស័ព្ទទៅលេខ 1-877-374-4056 (TTY: 711)**។**

简体中文 注意：我们为您提供免费的语言协助服务，同时也可免费提供适当的辅助设施与服务，以便提供无障碍格式的信息。请致电 1-877-374-4056（TTY：711）。

繁體中文 注意：我們爲您提供免費的語言協助服務，還免費提供適當的輔助工具和服務，以無障礙格式提供資訊。請致電 1-877-374-4056 (TTY：711)。

دری توجه: خدمات رایگان کمک زبانی برای شما فراهم است. وسایل و خدمات کمکی مناسب برای ارائه اطلاعات به شکل قابل دسترس نیز به طور رایگان در دسترس می‌باشند. لطفاً با شماره 1-877-374-4056 (TTY: 711) تماس بگیرید.

فارسی توجه: خدمات کمک زبانی رایگان برای شما دردسترس است. ابزارها و خدمات کمکی مناسب برای ارائه اطلاعات در قالب‌های قابل‌دسترس نیز به‌صورت رایگان ارائه می‌شوند. لطفاً با شماره 1-877-374-4056 (TTY: 711) تماس بگیرید.

Français REMARQUE : des services d’assistance linguistique gratuits sont à votre disposition. Des services et aides pour obtenir des informations dans des formats accessibles sont également disponibles gratuitement. Appelez le 1-877-374-4056 (TTY : 711).

Y0020_WCM_4336850_MLT_NAMA_C Internal Approved 06162025 NA LWc
4590652_NA6WCMINSMLT_M_NAWC 06/25

Deutsch ACHTUNG: Sprachdienstleistungen stehen Ihnen kostenlos zur Verfügung. Geeignete zusätzliche Unterstützung und Dienstleistungen für Informationen in zugänglichen Formaten stehen Ihnen ebenfalls kostenlos zur Verfügung. Rufen Sie folgende Nummer an: 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Ελληνικά ΠΡΟΣΟΧΗ: Εάν μιλάτε ελληνικά, υπάρχουν διαθέσιμες δωρεάν υπηρεσίες υποστήριξης στη συγκεκριμένη γλώσσα. Διατίθενται επίσης δωρεάν κατάλληλα βοηθήματα και υπηρεσίες για παροχή πληροφοριών σε προσβάσιμες μορφές. Καλέστε το 1-877-374-4056 (TTY: 711).

ગુજરાતી ધ્યાન આપવાની જરૂર છે: તમારા માટે ભાષા સંબંધી સહાયતાની મફત સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. ઍક્સેસ કરી શકાય તેવાં ફોર્મેટમાં માહિતી પરૂદાન કરવા માટે યોગ્ય સહાયક સહાય અને સેવાઓ પણ મફતમાં ઉપલબ્ધ છે. 1-877-374-4056 (TTY: 711) પર કૉલ કરો.

Kreyòl Ayisyen ATANSYON: Sèvis èd gratis pou lang disponib pou ou. Aparèy oksilyè ki bay asistans ak sèvis ki apwopriye pou bay enfòmasyon nan fòma aksesib yo disponib gratis tou. Rele nan 1-877-374-4056 (TTY: 711).

ʻŌlelo Hawaiʻi HOʻĀKAKA: Loaʻa iā ʻoe ke kōkua manuahi no ka unuhi ʻōlelo. Loaʻa pū kekahi mau pono kōkua kūpono a me nā lawelawe e hāʻawi ai i ka ʻike i nā ʻano ʻano hiki ke kiʻi ʻia, me ka uku ʻole. Kelepona i 1-877-374-4056 (TTY: 711).

हिंदी ध्यान दें: आपके लिए निःशुल्क भाषा सहायता सेवाएं उपलब्ध हैं. एक्सेस करने योग्य फ़ॉर्मेट में जानकारी प्रदान करने के लिए उपयुक्त सहायक साधन और सेवाएं भी निःशुल्क उपलब्ध हैं. 1-877-374-4056 (TTY: 711) पर कॉल करें.

Igbo NLERUANYA: A na-enye gị ọrụ enyemaka asụsụ n’efu. Enyemaka na ọrụ ndị kwesịrị ekwesị iji nye ozi n’ụdị ndị dị mfe inweta dikrawa n’akwụghị ụgwọ. Kpọọ 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Iloko PALIIWEN: Adda dagiti libre a serbisio a tulong iti pagsasao. Dagiti maitutop a katulongan ken serbisio a mangipaay iti impormasion kadagiti nalaka a maawatan a pormat ket libre met a magun-odan. Tawagan ti 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Italiano ATTENZIONE: sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Sono inoltre disponibili supporti e servizi ausiliari gratuiti adatti a fornire le informazioni in formati accessibili. Chiamare il numero 1-877-374-4056 (TTY: 711).

日本語 注意：言語支援サービスを無料で提供しています。情報をアクセシビリティに対応した形式で提供する各種補助支援およびサービスも無料です。1-877-374-4056 (TTY: 711) にお電話ください。

ಕನ್ನಡ ನಿಮ್ಮ ಗಮನಕ್ಕೆ: ನಿಮಗೆ ಉಚಿತ ಭಾಷಾ ಸಹಾಯ ಸೇವೆಗಳು ಲಭ್ಯವಿದೆ. ಪ್ರವೇಶಿಸಬಹುದಾದ ಸ್ವರೂಪಗಳಲ್ಲಿಮಾಹಿತಿಯನ್ನುಒದಗಿಸಲು ಸೂಕ್ತವಾದ ಸಹಾಯಕ ಸಾಧನಗಳು ಮತ್ತುಸೇವೆಗಳು ಸಹ ಉಚಿತವಾಗಿ ಲಭ್ಯವಿದೆ. ಕರೆ ಮಾಡಿ 1-877-374-4056 (TTY: 711).

한국어 주의: 무료 언어 지원 서비스를 이용하실 수 있습니다. 정보 제공을 위해 적합한 보조 도구 및 서비스 또한 액세스 가능한 형식으로 무료 이용이 가능합니다. 1-877-374-4056 (TTY: 711)번으로 전화해 주십시오.

ພາສາລາວ ໝາຍເຫດ: ມີບໍລິການຊ່ວຍເຫຼືອດ້ານພາສາຟຣີສຳລັບທ່ານ ນອກຈາກນີ້ຍັງມີບໍລິການຊ່ວຍເຫຼືອ ແລະ ບໍລິການ ເສີມທີ່ເໝາະສົມເພື່ອໃຫ້ຂໍ້ມູນທີ່ສາມາດເຂົ້າເຖິງໄດ້ໂດຍບໍ່ຕ້ອງເສຍຄ່າໃຊ້ຈ່າຍເພີ່ມເຕີມ. ໂທ 1-877-374-4056 (TTY: 711).

മലയാളം ശ്രദ്ധിക്കൂ: നിങ്ങൾക്ക് സൗജന്യ ഭാഷാ സഹായ സേവനങ്ങൾ ലഭ്യമാണ്. ആക്സസ് ചെയ്യാവുന്ന ഫോർമാറ്റുകളിൽ വിവരങ്ങൾ നൽകുന്നതിന്, സൗജന്യമായി അനുയോജ്യമായ ഓക്സിലിയറി സഹായങ്ങളും സേവനങ്ങളും ലഭ്യമാണ്. 1-877-374-4056 (TTY: 711) എന്ന നമ്പറിൽ വിളിക്കുക.

तुमच्यासाठी विनामूल्य भाषा सहाय्य सेवा उपलब्ध आहेत. सुलभ स्वरूपात माहिती प्रदान करण्यासाठी योग्य अतिरिक्त मदत आणि सेवादेखील विनामूल्य उपलब्ध आहेत. 1-877-374-4056 (TTY: 711) वर कॉल करा.

Diné Bizaad BAA NAANISH'AGHA: T'aadoo baabhilinigoo saad 'ahiilka 'ana'alwo' biniit'aa bineesh'a bil hadlee' goo ni. Ch'idi'nishaah t'aala'i bi'aa yilts'ilgo bika 'iishyeed 'aadoo biniit'aa goo bik'inaasdzil bil ch'idaash'a di baa honit'I' ya'akogoo bineesh'a aldo' bil hadlee' t'aadoo baabhilinigoo 'at'e yeel. Bika 'adishni 1-877-374-4056 (TTY: 711).

नेपाली ध्यान दिनुहोस्: तपाईंका लागि भाषासम्बन्धी सहायता सेवाहरू निःशुल्क रूपमा उपलब्ध छन्। सुलभ फर्म्याटहरूमा जानकारी प्रदान गर्नका निम्ति उचित सहायक सामग्री र सेवाहरू पनि निःशुल्क रूपमा उपलब्ध छन्। 1-877-374-4056 (TTY: 711) मा कल गर्नुहोस्।

Pennsylvania Deitsch GEB ACHT: Schprooch Helfe sin meeglich mitaus Koscht. Rechtliche Auxiliary Aids un Helfe um Information zu gewwe in helfreiche Formats sin aa meeglich mit aus Koscht. Ruf 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Polski UWAGA: usługi wsparcia językowego są dostępne nieodpłatnie. Bezpłatnie oferowane są również dodatkowe pomoce i usługi pozwalające na przekazanie informacji w formacie przystępnym dla odbiorcy. Zadzwoń pod numer 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Português ATENÇÃO: estão disponíveis serviços de assistência gratuitos no seu idioma. Também estão disponíveis apoios auxiliares e serviços adequados que oferecem informações em formatos acessíveis e sem custos. Ligue para 1-877-374-4056 (TTY: 711).

ਮੁਫ਼ਤ ਭਾਸ਼ਾ ਸਹਾਇਤਾ ਸੇਵਾਵਾਂ ਤੁਹਾਡੇ ਲਈ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। ਪਹੁੰਚਣਯੋਗ ਫਾਰਮੈਟਾਂ ਵਿੱਚ ਜਾਣਕਾਰੀ ਪਰ੍ਦਾਨ ਕਰਨ ਲਈ ਢੁਕਵੇਂ ਸਹਾਇਕ ਸਾਧਨ ਅਤੇ ਸੇਵਾਵਾਂ ਵੀ ਮੁਫ਼ਤ ਵਿੱਚ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। 1-877-374-4056 (TTY: 711) 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

Русский ВНИМАНИЕ! Вам доступны бесплатные услуги языковой поддержки. Вы также можете бесплатно получить соответствующие вспомогательные средства и услуги, направленные на предоставление информации в доступных форматах. Позвоните по номеру 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Gagana Sāmoa FA'AALIGA: O lo'o avanoa fua ia te oe auaunaga fesoasoani i le gagana. E avanoa fo'i fua fesoasoani ma meafaigaluega talafeagai e tu'uina atu ai fa'amatalaga i auala faigofie ona malamalama ai. Vala'au 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Srpski PAŽNJA: Dostupne su vam besplatne usluge jezičke pomoći. Odgovarajuća pomagala i pomoćne usluge koje nude informacije o pristupačnim formatima takođe su besplatne. Pozovite broj 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Soomaali DIGNIIN: Adeegyada kaalmada luqadda bilaashka ah ayaa kuu diyaar ah. Sidoo kale, qalab iyo adeegyo kaabayaal ku habboon ayaa diyaar ah si macluumaadka loogu helo qaabab sahlan oo la heli karo, iyadoo aan wax kharash ah lagaaga qaadin. Wac 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Español ATENCIÓN: Contamos con servicios de asistencia lingüística que se encuentran disponibles para usted de manera gratuita. También se encuentran disponibles de manera gratuita ayudas y servicios auxiliares adecuados para proporcionar información en formatos accesibles. Llame al 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Kiswahili TANBIHI: Huduma za usaidizi wa lugha zinapatikana bila malipo kwako. Nyenzo na huduma sahihi za usaidizi za kutoa maelezo katika miundo inayoweza kufikiwa pia zinapatikana bila malipo. Piga simu 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Tagalog ATENSYON: May mga libreng serbisyo ng tulong sa wika na available para sa inyo. Available din nang libre ang mga naaangkop na karagdagang tulong at serbisyo para makapagbigay ng impormasyon sa mga accessible na format. Tumawag sa 1-877-374-4056 (TTY: 711).

தமிழ் உங்களின் கவனத்திற்கு: உங்களுக்கு மொழி உதவிக்கான இலவச சேவைகள் கிடைக்கின்றன. பயன்படுத்தக்கூடிய வடிவங்களில் தகவல்களை வழங்குவதற்குப் பொருத்தமான புலன் உணர்வுக் கருவிகளும் சேவைகளும் இலவசமாகக் கிடைக்கின்றன. 1-877-374-4056 (TTY: 711) **என்ற எண்ணை அழைத்திடுங்கள்**.

తెలుగు గమనిక: మీకు ఉచిత భాష సంబంధ సహాయక సేవలు అందుబాటులో ఉనాన్యి. యాకెస్స్ చేయదగిన ఫారామ్ట్లలో సమాచారానిన్ అందించడానికి తగిన సహాయక టూల్లు, సేవలు కూడా ఉచితంగా అందుబాటులో ఉనాన్యి. 1-877-374-4056 (TTY: 711) **నంబర్కి కాల్ చేయండి**.

ไทย โปรดทราบ: พร้อมให้บริการความช่วยเหลือทางภาษาฟรีแก่คุณ และมีความช่วยเหลือและบริการเสริมที่เหมาะสมเพื่อให้ข้อมูลในรูปแบบที่เข้าถึงได้โดยไม่มีค่าใช้จ่ายด้วยเช่นกัน โทร 1-877-374-4056 (TTY: 711)

Twi HYƐ NO NSO: Kasa ho mmoa dwumadie ahodoɔ wɔ hɔ ma wo a wontua hwee. Nneɛma a ɛbɛboa wo ama wate nsɛm ne dwumadie ahodoɔ a ɛde nsɛm bɛma wo wɔ akwan bebree so nso wɔ hɔ a wontua hwee. Frɛ 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Українська УВАГА! Вам доступні безкоштовні послуги мовної допомоги. Відповідні допоміжні засоби та послуги для надання інформації у доступних форматах також доступні безкоштовно. Зателефонуйте за номером 1-877-374-4056 (TTY: 711).

اردو توجہ: زبان معاونت کی خدمات آپ کے لیے مفت دستیاب ہیں۔ معلومات کو قابلِ رسائی شکل میں فراہم کرنے کے لیے مناسب معاون امداد اور خدمات بھی مفت دستیاب ہیں۔ 1-877-374-4056 (TTY: 711) پر کال کریں۔

Tiếng Việt LƯU Ý: Chúng tôi có cung cấp dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí. Các dịch vụ và trợ giúp bổ trợ phù hợp để cung cấp thông tin ở các đĭnh dạng có thể truy cập cũng được cung cấp miễn phí. Gọi 1-877-374-4056 (TTY: 711).

ייִדיש אויפֿמערקזאַמקייט: פרייע שפּראַך הילף סערוויסעס זענען פֿאַר אײַך פֿאַראַן. פּאַסיקע הילפסמיטלען און סערוויסעס צו צושטעלן אינפֿאָרמאַציע אין צוגענגלעכע פֿאָרמאַטן זענען אויך פֿאַראַן פריי פֿון אָפּצאָל.
רופֿט 1-877-374-4056 (TTY: 711).

Yorùbá ÀKÍYÈSÍ: Àwọn iṣẹ́ ìránlọ́wọ́ ti èdè wà nílẹ̀ fún ọ lọ́fẹ̀ẹ́. Àwọn iṣẹ́ àti àwọn ìrànwọ́ aranníl̀ọ́wọ́ tóyẹ láti pèsè ìwífúnni ní àwọn ọ̀nà kíkọsílẹ̀ tóṣeé ráàyè sí tún wà nílẹ̀ bákan náà lọ́fẹ̀ẹ́ láisan owó rárá. Pe 1-877-374-4056 (TTY: 711).